sochi.ru 2014

# Махуи 9 къудей дэкІмэ, Олимпиадэм щІедзэ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№16 (22.674) • 2014 гъэм щІышылэм (январым) и 30, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал сауГъэтхэмкІэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм щІышылэм и 24-м къыдигъэкІа Указ №98-УГ-мкІэ къыщІам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1.Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал сауГъэтхэмкІэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал сауГъэтхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ комиссэм и Іуэхукіэ» 2012 гъэм щІышылэм и 24-м къыдигъэкІа Указ №98-УГ-мкІэ къыщІам, мы къыкІэлъыкІуІэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

**Храмов К. К** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІыр *(Комиссэм и унафэщІ)*

**Альтуд Ю. Къ.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(Комиссэм и УнафэщІым и къуэдзэу)*

**Битокъу В. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(Комиссэм и унафэщІым и къуэдзэщ)*

щІэныгъэмрэ технmicэмкІэ секцэм:

**Емуз Н. Гъу.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(секцэм и унафэщІщ)*;

б) **Пономаренко Р. Н.** и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къахьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр»;

в) **Фырэ Р. Б.** и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къахьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(секцэм и унафэщІщ)*»;

г) **Щыхьмырзэ М. М.** и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къахьын: «Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щраГъэгъэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм и ректорыр *(эгъуІыуэу)*»;

д) Комиссэм къыхэгъэкІыжьын Марьяш И. Е., Семэн П. Г., Хьсанэ Р. ТІ. сымэ.

2. Мы Указым кьарр егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм щІышылэм и 22-м*
*№20-УГ*

# КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий хэтащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий щІышылэм и 29-м иригъэкІуэкІа видеоконференцым

Къэралым и Правительствэм къызэригъэпэща зэІуэшІэр зытеухуауэ щытар Урысей Федерацэм перинатальнэ центрхэр щыхуэнымкІэ программэр зэрагъэзащІэрщ. Ар 2016 гъэм нэсыху яГъэзащІэрщ. Ар 2016 гъэм нэсыху яГъэзащІэрщ, ЩІэн икІи технологие лЪагэхэр кьыщагъэсэбэп медицинэ центру 32-рэ УФ-м и щІыналъэу 30-м, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэту, щаухуэн хуейщ. Псалъэмакъым кьыхэщащ анэмрэ сабийм рэ я Іуэхуэхэр щыдагъэкІын хуей центрхэр щІынымкІэ субъект щхьэхуэхэм нЫкъусанЫгъэ пЫуХЫкІаХэр зэрыщыІэр. Апхуэдэ гугъуехьхэр кьыхэринэжІын хуейуэ кьыпэщытщ Къэбэрдей-Балъкъэрми.

Псоми зэрытщІэжщи, зы мазэ хуэдизрэ ящэкІэ КІуэкІуэ Юрий республикэм и Правительствэм хуигъэувауэ щытащ 2011 гъэм Налшык къалэм къыщрагъэжьа перинатальнэ центрыр уХуэнымкІэ лЪжьыгъэхэр щЫэзблэуам, абы ахьшэ къыщІЫхуамЫутЫпщым и щхьэусыгъуэхэр зэхигъэкІЫну. МЫ Іуэхущ1апІэр щЫным трагъэкІуэдэн хуей сом 1 мелардрэ мелуан 787-м щыщу кьагъэсэбэпыфар сом мелуан 230-рэ хуэдизт. А уХуэнЫгъэр 2014 гъэм тещІЫхьа федеральнэ инвестицІэ программэм кЫхьагъэЖЫкат. УХуэнЫгъэм пащэм пащІЫ, УФ-м УЗЫНШагъэр хЪумэнЫмкІэ и министерствэм ткІийуэ кьигъэуват центрыр зытращЫхь щІыр зи мЫлькур яГъэлдждкЫлыуэ ятхыну, апхуэдэу республикэм и ахЪшэу абы халЪхЪэн хуейр щЫхуаутЫпщЫну пІалъэхэр яубЫхуну.

Нобэм ирихьлІэу щЫр республикэм и мЫлькуу зЗрЫщытЫмкІэ зЫхуей тхЫлъэр яГъэхЪэзыращ. КЪБР-м и Парламентым и депутатхэм я мурадщ республикэ бюджетым щІышылэм и 30-м зЫхуэфащэ зэхъуэкІЫнЫгъэхэр халЪхЪэну икІи перинатальнэ центрыр уХуэнЫм КЪэбэрдей-Балъкъэрым кЫбгЪдэкІЫу тригъэкІуэдэн хуей ахЪшэм и хэкІЫпХэхэмрэ ар щратину эманымрэ яГъэбелджЫлыну.

ДЫзэрыт ИлъэсыМ щЫышылэм и 23-м Урысей Федерацэм УЗЫНШагъэр хЪумэнЫмкІэ и министерствэр арэзы техЪуащ «2020 гъэм нэсыху КЪБР-м уЗЫНШагъэр хЪумэнЫмкІэ и ІэнатІэм зегъэужЫныр» къэрал программэм зэхъуэкІЫнЫгъэхэр хэлЪхЪэным теуХуауэ» КЪБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым. А щЫкІэм тету нобэм ирихьлІэу зэфІагъэкІащ федеральнэ ведомствэм, ФЗкІЫпІэ зимыІэ медицинэ страховани эмкІэ федеральнэ фондым кьагъэува Іуэху псори.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.***

## КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий:

# Олимп мафІэр зэрызэІэпытхынум дыхуэхьэзырщ

«Ди дежкІэ щІыхьышхэущ мамырыгъэмрэ къэралым и зэкъуэтыныгъэмрэ я дамыгъэу щыт Олимп мафІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ, жьалагъуэ лэжьакІуэхэм, егъэджакІуэхэм, цІыху къыззэрыгуэкІхэм удз гъэгъахэр усакІуэм и фэеплым трагъэхьащ, дунейр щІыІэми, зэбгрымыкІыжу зэманкІэ зэхэтыжащ, зи уСэ сатыр купщІафІэхэмкІэ нобэ ди гъуСэ щІыхум теухуауэ абыхэм зэжраІэн я машІэтэжьым.

КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Фырэ Руслан жиІащ 2014 гъэр КІыщокъуэ Алим и илъэсу зэрагъэувар, абы теухуа Іуэху кУэд республикэм и районхэмрэ кьалэхэмрэ зэрыкІэрагъэкІуэкІынур.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтхэр* **Мамий Руслан** *трихащ.*

**ЛІэщІыгъуэ дапщэ къудгъэщІами,**
**Сэлам къытпежьэм дэ етхынщ.**
**Ди бзэр псэужмэ,**
**апщІондэхукІэ**
**Си гугъуэн ящІу**
**зэхэфхынщ...**
*Кьыщокъуэ Алим*

Къэбэрдей литературэм зи къалэмыр жану хуэзыгъэпэжьа, зи гущІэр Хъумрэ лъэпкъымрэ етауэ псэуа цыхубэ хэкІыпІэ КІыщокъуэ Алим и дэтхэнэ усэ сатырри къэкІуэнум хуэгъэпсащ, абы и Іэдакъэщі къэкІэм сыт щыгъуи фІым дыкъыхуradжэ, даущИ. Ди нобэм мыхьэнэшхуэ щиІэщ КІыщокъуэм и усыгъэр, прозэр щІэблэм яджьным, ахэр лъэпкъым и тхыдэм дыхэзыгъэгъуазэ, бзэм и ІэфІыр зыхьдэзыгъащІэ защІэщи.

Илъэс кьэс КІыщокъуэ Алим и фэеплъым деж (Налшык къалэм и щЫпІэ administрацэм и унэм и гупэм) щыхуэр тІэу щызэхуос: усакІуэр ягу кьагъэкІыж ар кьыщІахуэ, дунейм щехьжа махуэхэм. Дыгъуасэ а щЫпІэм пэкІу щрагъэкІуэкІащ КІыщокъуэр кьызэрытхэмы-

**● Дыгъуасэ**

тыжрэ илъэс 13 мэхъу мы гъэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ, жьалагъуэ лэжьакІуэхэм, егъэджакІуэхэм, цІыху кьызэрыгуэкІхэм удз гъэгъахэр усакІуэм и фэеплъым трагъэхьащ, дунейр щІыІэми, зэбгрымыкІыжу зэманкІэ зэхэтыжащ, зи уСэ сатыр купщІафІэхэмкІэ нобэ ди гъуСэ щІыхум теухуауэ абыхэм зэжраІэн я машІэтэжьым.

КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Фырэ Руслан жиІащ 2014 гъэр КІыщокъуэ Алим и илъэсу зэрагъэувар, абы теухуа Іуэху кУэд ресубликэм и районхэмрэ кьалэхэмрэ зэрыкІэрагъэкІуэкІынур.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтхэр* **Мамий Руслан** *трихащ.*

**КъэкІуэнум тещІЫхьауэ**

**США-м и президент Обамэ Барак дыгъуасэ конгрессым зыхуигъэзащ.**

Абы кьыхигъэщащ а къулыкъум зэрыпэрытыну кьыхуэнэжа илъэситІым экономикэ гугъуехьхэр дэгъэкІынымы, щынагъуэшІагъэ кьыхэзгъэпэщынымгутЫгъ хэха яхуищІыну, щІыхуэр зэрызэхуамыгъадэм, лъжьапІэншагъэм е бэнныу зэримурадыр. КІэлъыплъакІуэхэм а къэпсэлъэныгъэр кьалъытащ Обамэ кьыкІэлъыкІуэ хэхьныгъэхэм зэрызыхуигъэхьэзыр лъэбакъуэу щытауэ. Абы и администрацэм щыщхэми ябзыщІакъым президентым конгрессым зэрызыхуигъэзар хэхьныгъэ кампанием щІидзауэ кьэплъытэ зэрыхьнур. ЩэкІуэгъуэ дызыхуэкІуэм США-м и конгрессым хэтыныхэр хахынущ икІи демократхэм абы бжьыпэр щаубыдын папщІэ Обамэ кьыхилъхьа политикэ ткІийр егъэкІуэкІын хуейщ.

И кьэпсэлъэныгъэм Обамэ кьыщытеувыІащ Сочэ щекІуэкІыну Олимпиадэми икІи Америкэм и гуп кьыхэхам хэтхэм текІуэныгъэ кУэд абы кьыщахьыну зэращыгугъыр жиІащ.

**Иджы етІуанэ кЪуовЫІэ**

**Корее Инщэм щыІэ Ульчжин къалэм щылажьэ атом электростанцым и реакторыр бэрэжьей пщэдджьым езыр-езыру увыІащ, зыгуэрым унафэ кьыхущІа хуэдэ. Инженерхэм зэхагъэкІ къэхуам и щхьэусыгъуэр.**

Къэралым и инпэ-къухьэпІэ лъэныкъуэм щыІэ а станцым и реакторыр иджы япэу кЪуовЫІауэ аракъым - нэгъабэ и щыщхэУуми апхуэдэ кьыщыхуЪащ абы. Илъэс 25-м нэбгырэуагъэ лажьэ реакторым токыр зэрекІуалІэ Іэмэпсымэхэм ящыщ зым сэкъат игъэтауэ арат абы щыгъуэ.

ЕщІагъэлІхэм зэрыжаІамкІэ, реакторым идкЪпсту ущІэшынэн лъэпкъ щекІуэкІЫркъым, щхьэхъ зыхэль веществохэр кьрихуэнуи кьалЪытэркъым. КЪэхуам и щхьэусыгъэр зэхагъэкІЫ нЫкЪусанЫгъэ зиІэ и пкЪыгъэр псынщІэу зэрамыгъэпщыжмэ, кЪэралым и щЫпІэ зыбжанэ уэздыгъэнщэу кьэнэнкІэ шынагъу щыІэщ.

**Иджы етІуанэ кЪуовЫІэ**

**Корее Инщэм щыІэ Ульчжин къалэм щылажьэ атом электростанцым и реакторыр бэрэжьей пщэдджьым езыр-езыру увыІащ, зыгуэрым унафэ кьыхущІа хуэдэ. Инженерхэм зэхагъэкІ кЪуохуам и щхьэусыгъуэр.**

Къэралым и инпэ-къухьэпІэ лъэныкъуэм щыІэ а станцым и реакторыр иджы япэу кЪуовЫІауэ аракъым - нэгъабэ и щыщхэУуми апхуэдэ кьыщыхуЪащ абы. Илъэс 25-м нэбгырэуагъэ лажьэ реакторым токыр зэрекІуалІэ Іэмэпсымэхэм ящыщ зым сэкъат игъэтауэ арат абы щыгъуэ.

ЕщІагъэлІхэм зэрыжаІамкІэ, реакторым идкЪпсту ущІэшынэн лъэпкъ щекІуэкІЫркъым, щхьэхъ зыхэль веществохэр кьрихуэнуи кьалЪытэркъым. КЪэхуам и щхьэусыгъэр зэхагъэкІЫ нЫкЪусанЫгъэ зиІэ и пкЪыгъэр псынщІэу зэрамыгъэпщыжмэ, кЪэралым и щЫпІэ зыбжанэ уэздыгъэнщэу кьэнэнкІэ шынагъу щыІэщ.

**НОБЭ**

● Индием ягу кьыщагъэкІЫж кЪэралым и щхьэхуитынЫгъэм зи псэр щІэзытахэр. Лъэпкъ-щхьэхуитщЫжакІуэ зэщІэхъеелныгъэм и пашэ Ганди Махатмэ щаукІа махуэм трагъэхуащ.

● США-м и астронавт хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ.

●1863 гъэм Урысейм унафэ къыщащтащ щЫхуэм судкІэ удын ебдзынуи, дамыгъэ тебдзэныи хуит уимыщІу.

● 1930 гъэм Москва уэздыгъэнэшхуэхэм щеуэну хуит зымыщІ унафэ кьащтащ.

●Политик цІэрыІуэ, Узбекистаным и президент **Каримов Ислъам** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

●ЩІышылэм и 30-м Москва щекІуэкІЫнЫгъэ N дунейпсо мэхъуэмэш конференцыр, «Фейдэр здэщыІэр» зыфІащар.

●Сочэ къыщызэІуахынущ ЩІымахуэ Джэгухэм хэтынухэр щыпсэуну Олимп кьуажэр.

**Дунейм и щытыкІэнур**


***Зыгъэхьэзырыр***
**ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Къуажэ дэз Іыхьлы нэхъри - жылэ и зырыз благъэ.**

# Чэщанэжьым щыпагъанэ

**ЕпщІанэ-епщыкІутІанэ лЪэщІыгъуэхэм яухуа, метрищэ зи лъагагъ нигуи чэщанэжьым и щыгум XXII Олимпиадэ хужьым и нагъыщэ нэхъыщхьэмкІэ дыгъуасэ мафІэ щыпагъэнащ. Абы иращІэкІа гуфІэгъуэшхуэм и хьэтыркІэ щІышылэм и 29-р Ингушым зыгъэпсэхугъуэ махуэу щагъэуват.**

РЕСПУБЛИКЭМ и къалащхьэ Магъас къэса олимп мафІэ зэІэпахыр япэу Іэщ1алъхьащ Ингушым и Іэтащхьэ Евкуров Юнус-Бэч. Уэрам нэхъыщхьэхэм ар кьыщрахьэкІащ пасэу кьыхаха щІыху пщыкІублым. Абыхэм яхэтащ 1988 гъэм екІуэкІа Олимпиадэм атлетикэ хьэпІэмкІэ и чемпион Арсамаков Исраил, Эверестрэ Іуащхьэмахуэрэ мызэ-мыгЪэу дэкІа альпинист Албогачиевэ Лейлэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

НужькІэ зэхэта гуфІэгъуэ зэІущІэм кьыщыпсалЪэу Евкуровым жиІащ нобэрей Іуэхугъуэм Ингушым щыпсэу дэтхэнэми дэрэжьгъуэ ин кьыхэзыритыр икІи республикэм и сабий минхэр абы физкультурэмрэ спортымрэ зэрыдригъэхьэхынур.

Эстафетэм и кІэухыу Пекин щекІуэкІа Олимпиадэм щытекІуа боксёр цІэрыІуэ Чахкиев Рахьим пасэрей чэщанэжьым и щыгум щагъэува фалъэшхуэр пигъэнащ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

# Олимп Джэгухэм еплъынухэм я унэ

**XXII Щымахуэ Олимп Джэгухэм я къалащхьэм мазаем и 6-м кьыщыщІэуакІынущ Урысейм и Олимп командэм дэщІынуэхэм я унэ. Абы зэришэлІэнущ ди къэралым щыщу щымахуэ спорт лІэужьыгъуэм дихьэх псори, абы зэхъэзэхуэр кьыщагъэлъэгъуэнущ, спортсменхэмрэ эксперт пэрытхэмрэ махуэ къэс яІущІэнущ, командэмрэ спорт дисциплинэхэмрэ ятеухуа экспозицІэ тельыджэхэм, апхуэдэуи нэгуэныжь Іуэхугъуэхэм я программэ гъэнщІахэм Олимпиадэр нэсу зыхэтщІэнымкІэ Іэмал къатынущ.**

ОЛИМП Джэгухэм я тхыдэм щыяпэ апхуэдэ проект иныр зыхуэгъэпсар абы кІэлъыплъынухэрщ. Зэхьэзэхуэхэр ирухьу, гукъыдэж зиІэхэм лапщІэ унэр зэІуахуэу икІи джэгухэм кІэлъыплъынухэм я джежІэ гъэщІэгъуэн куэд кьыщыщІэтынущ. Унэм кьекІуэлІну дэтхэнэ зыми зыхуэныкъуэ хьыбар псори кьыІэрыхьэнущ, конкурс зэхуэмыдэхэм щытекІуэхэм урысей ныпрэ фэепль сауГъэтхэмрэ иратынущ.

Ди Олимп командэм дэщІынухэм я унэр Олимп паркым и курыкупсэм итщ икІи жьыкъэу упльэмы пльагъынущ: Урысейм и ныпым и плъыфэхэр кьызытещ цІыхуу инышхуэр гъуаз зэхьарзынэ хуэщІ.

ЩІымахуэ олимп спорт лІэужьыгъуэ 15-ми ятеуха экспозицІэм олимп дисциплинэхэм, зэпеуэхэм я хабзэхэм екъэлІауэ нэхъыбэ кьаригъэщІынущ, ди къэралым и щІыхьыр зыхъумэ спортсменхэр яригъэщІыхынущ. Гукъыдэж зиІэ дэтхэнэми спортсмен-олимпийцу зыкьилъытэжьыфынущ, 3D-нэгуджэр кьигъэсэбэпу: бгы-лыжэ трассэм щрикІуэм е трамплиным кьыщыхьем езы спортсменхэм траха видеохэм хьэщІэхэм гум имыхужьи дрэжэгъуэ яритынущ.

***(КІэухыр 4-нэ нап.).***

# Щыгуазэ фыдощІ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ ди хьэщІэхэмрэ щыгуазэ фыдощІ ди республикэр 2014 гъэм щІышылэм и 30-м Олимп мафІэм зэрыІущІэм.**

ДАУЭДАПЩЭР Налшык къалэм дэт «Спартак» республикэ стадионым къыщызэІуахынущ сыхьэт 12-рэ дакьикъэ 30-м. Еплъыну хуейкэр стадионым пщІэншэу ирагъэхьэ.

Жылагъуэ транспортыр а махуэм лэжьэнущ къэкІуэкІ хабзэм тету икІи маршрутхэр зэрамыхъуэкІыу. Уней транспортыр Головко и уэрамым щагъэхьащ Кулиевым и уэрамым нэсыу Лениным и уэрамым тету зэрыщызэекІуэр, апхуэдэу Головко и уэрамым щагъэжьауэ Тэрчокъуэм и уэрамым нэсыу ЩоджэнцІыкІым и уэрамым тету зэрыщызэекІуэр ягъэмащІэнущ. Уней транспортыр щагъэув хъунущ КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр аграрнэ университетым деж, апхуэдэу Ленинымрэ Кулиевымрэ я уэрамхэм я пліанэпэм хуэзэ «Вестер-Гипер» тыкуэным и пщІантІэм. Абы зэрыдыхьэнур Кулиевым и уэрамымкІэщ.

# Ди бзэр псэужмэ...

# Лыжьхэ узыфэр зыпкърытхэм папщІэ Іэ лъы ят

**● Псапэ**

**ЩІышылэм и 31-м Налшык къалэ щекІуэкІынущ «Лъы зыт бзылъхугъэ» фІэщыгъэм щІэту езым яфІэфІу лъы зытхэм я етхуанэ псапащІэ Іуэху щхьэпэр.**

А МАХУЭМ зэхуахьэсыну лъыр псори хуаутЫпщынущ лъыхэ узыфэр зыпкърыт сымаджэхэм.

«М-Драйв» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Байсиев Темыржан и псалъэхэм кьызэрыхэщамкІэ, машинэ кьезыхуэкІ цІыхубзхэм гупыж ящІри, лъы ятауэ щытащ. Абдеж кьыщежьащ «Лъы зыт бзылъхугъэ» папщІэ Іуэхур. А илъэситхэм кЪриубыдэу лъы ятащ республикэм щыпсэухэу, абы и хьэщІэхэу цІыху 250-м, абыхэм яхэтащ цІыхухъухэри.

ПсапащІэ Іуэхум дэтхэнэ зыри хэт хъунущ, абы папщІэ Лъы щат республикэ станцым сыхьэти 8.00-м щыщІэдзауэ 14.00-м нэс фекІуэлІэн хуейуэ аращ. Абы и хэщІапІэр: Тэрчокъуэм и цІэр зезыхьэ уэрам, 12. Іэмал имыІэу фи паспортыр фІыгъын хуейщ.

**ДЖЭДГЪУЭФ Маринэ.**

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

# Си еджапІэ - си къежьапІэ

● Ди нэхъыжьыфІхэр

# УзэщІакІуэ

**ЩІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ егъэджакІуэ щыпкъэ, узэщІакІуэ, нэхъыжь Іуманхуэ Багъы Хъэмидбий Къулькъужьи Ищхьэрэ кьуажэ псом сызыщІыху. Ещхь къикІуэтрэ имыщІэу, гумызагъэу, гурэ псэкІэ и лажьыгъэм бгъэдэтурэ, абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищІащ къуажэм дэт 4-нэ школым зиужьыным. ЕгъэджакІуэхэм я нэхъыбэм зы предмет-предметитІ фІэкІа сабийхэм ирамыгъэджыфмэ, Хъэмидбий ныбжьыщІэхэм зыгъэдилъхьащ биологиери, зоологиери, химиери.**

ХЪЭМИДБИЙ 1936 гъэм Къулькъужьи Ищхьэрэ кьуажэм сызыщалъхуащ. Хэку зауэшхуэм зи сабиигъуэр хиубыда щІалэм игъэващ а зэман хэхалъэри, абы кІыкІэлъыкІуа лъэхъэнэ гугъури. А гугъуехьхэм иращІыкІакъым щІалэщІэр, уеблэмэ лэжьыгъэ хьэлъэм ипсыхьауэ, Іуэхугъуэ куэдми Іущ хуэхъуауэ кьызэринэкІащ а лъэхъэнэр.

Курыт школыр кІиуха нэужь 1956 - 1957 гъэхэм ар машинисту щылэжьащ Тырныауз къалэм щыІа «Молибден» рудникым. КъыкІэлъыкІуэ ильэсхэм Хъэмидбий Севастополь кІалэм ехуулыкъу щищІащ, абы щыІэ дзэ-тенджыз флотым хэту. Жэуапльныгъэ ин зыпылъ а кІулыкъум ипсыхьа щІалэщІэр 1961 гъэм щІэныгъэм хьыхьащ. Ар щеджащ КъБКъУ-м и химико-биологие факультетым икІи, илъэситху дэкІри, екъуІэныгъэхэр иІэу ар кІиухащ.

Къулькъужьи Ищхьэрэ кьуажэм дэт курыт школ №4-м лэжьэн щыщІидзащ Хъэмидбий, химиер, биологиер, зоологиер сабий-хэм яригъэджу. Илъэс 46-кІэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ ІэнатІэм пэрытащ ар, ещхь щхьэхэр имыщІэу. Къэхъуащ ар пщыкъащхьэр хэкІуэтэху школым пщыщІэсаи, апхуэдизу и ІэщІагъэм езыри и гъэсэнхэри дахьэхыри.

- Зэманыр зэрыкІуар сымыщІэу дерс нэужьхэми школым сыщыщыгуфэ куэдрэ къэхъурт, - еджакІуэхэри си гъусэу, - игу къегъажьІыж Хъэмидбий. - Дэтхэнэ сабийри биологием дехьэх. Абы и щыхьэтщ щыІухэм ящэ дыдэу ящІ сурэтхэр щхьэуантІагъэхэм, удэ гъэгъахэм, унагъуэ псэущхьэхэм ятеухуауэ зэрыщытыр. Сурэт щІыным и фІыгъэкІэ, сабийхэр хуэм-хуэмурэ пэгъунэгъу мэхъу биологие щІэныгъэм. Сабийр кьуажэдэсмэ, ар зоологиемри дехьэх. ГъащІэмрэ щІэныгъэмрэ зэрызэпэгъунэгъу дыдэр къэзыщІэ сабийхэм ущІэхэр я куэдти, сэри сызыщыгъуазэ псомкІи абыхэм сфІэфІу садэгуащэрт.

Хъэмидбий хущІэкъурт и дерсхэр ГъэщІэгъуэну зэрызэхигъэувэным, махуэ къс щІэщыгъуэ гуэр абы зэрыхилъхьэным. ЕгъэджакІуэ Іущым и фІыгъэкІэ, кІуачэ школым кьыщызэІуахат предмет зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ щІэныгъэ куу къоэут гулъытэрэ. Дунейр щыуэфІхэм деж абы школ пщІантІэм, абы и жыг хадэм биологиемкІэ дерсхэр щригъэкІуэкІырт. Езы егъэджакІуэри яхэту, ныбжьыщІэ цІыкІухэм хасэрт удз гъагъэ зэмылІэужьыгъуэхэр, къэкІыгъэ гъэщІэгъэнхэр. Зы илъэси кІанэртэкъым школ хадэм жыгыщІэ цІыкІухэр щыхамысэу. Курыт егъэкІуэм пэмыжьыжьэу Къулькъужьи псы цІыкІуР екъэхьрти, ари сабийхэр биологием щыгъэгъуэзэныкІэ Іэмалыфі хуэхъурт егъэджакІуэм. Псыхъуэр ягъэхьабзэрти, нэри псэри зытхьэкъуэ удз гъагъэ щІэщыгъуэ цІыкІухэр хасэрт. Апхуэдэу Хъэмидбийрэ абы и егъэджакІуэ цІыкІухэмрэ я нэІэм щІэтт школым кьедза уэрамхэр.

Гухэхъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ я закъуэтэкъым сабийхэм а ягъэзащІэ лэжьыгъэхэм кьахуэдэкІуэр. Іуэху щІэкІэм нэхъыфІу зэрыхэгъуазэм, теориехэр нэхъыфІу кьызэращІэм нэмыщІ, я Іэпкъльэпкъ цІыкІухэри зэрыубыдырт, псыхьа хьурт. Псом нэхъри я нэхъапэгъэ арати, ахэр лэжьыгъэм щІэпІыкІа хьурт, егъэджакІуэм зэрыжиІэщи, «щІакхъуэ хуабэм и пщІэр» къагурыІуэрт, ар кьызэрыІэжьыгъуеІр зыхащІэрт.

- ЗэрыгурыІуэгъуащ, лэжьыгъэм щІапІыкІа сабийм эраныгъэ ищІэнукьым. Арагъэнт ди курыт школым тутын, аркъэефэ щІыдэмытыр, - гъэсэныгъэм топсэльыхь Хъэмидбий.

ЕгъэджакІуэ Іущым апхуэдэ дыдэу фІыуэ химиеми хищІыкІырт. А дерсхэм ущыщІэскІэ, зэманыр зэрыкІуэр кьыпхуэщІэртэкъым, апхуэдизу абыхэм узыІэпашэрт, удахьэхырти. Химие урокхэм еджакІуэ цІыкІухэм кьыщащІэрт дунейр зэрызэхэлъ Іыхьэхэм я хьэлэмэтагъыр, абыхэм ящыщ дэтхэнэми эраныгъуэ е сэбэпынагъуэ яІэр.

Иригъадж предметищми я тхыдэм, ахэр щІэныгъуэ зэрызэтеувам яхутепсэльхьырт Багъыр сабийхэм. Куэдрэ щапхъуэ къахуихырт Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэлІхэм биологиемкІэ, зоологиемкІэ, химиемкІэ зэфІах къэхутэныгъэхэр, абыхэм я къалэмыпэм къыпыкІа тхыгъэхэм ахэр щыгъуазэ хуищІу. АбыхэмкІэ, нэгъуэщІ нэрылъагъу пособиехэмкІэ гъэнщІат егъэджакІуэр щылажьэ пэщхэр, лабораторэхэр. Апхуэдэ гулъытэ зыгъэуэт сабийхэр емыджэу кьэзнэнт?! Зы илъэс къэмынэу Хъэмидбий и еджакІуэ цІыкІуухэр зэпеуэ, олимпиадэ зэмылІэужьыгъуэхэм игъакІуэрт, кІуэ кьудей мыхъууи, увыпІэ хъарзынэхэри кьыщахьырт. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм ильэс куэдкІэ хэта нэхъыжьыфІым зэрыжиІэмкІэ, кьэралым кьыщыхъуэ зэхъуэкІыныгъэщІэхэм Іуэхугъуэфі куэди дэкІуэдащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, тхыльым пщІэ зэримыІэжыр, абы егъэхэр нэхъ мащІэ зэрыхъуар.

- КьиныэмыщІауэ, хуабжьу гущІыхьэ щхьэхъ щхьэщІэхъуэ щІэблэм гъэсэныгъэ ябгъэдэлъыр зэрымащІэр. Абы и щыхьэтщ дыкъэзыуэхъуреихь щІыуэпсыр хъумэным, ар къабзэу зехьэным куэд зэремылІэлІэжьыр, - жеІэ Хъэмидбий.

Ныбжьыщ Іэхэм къагурыгъэІуэн хуейщ щІыуэпсым и къабзагъэмрэ ди узыншагъэмрэ зэпхауэ зэрыщытыр, ар зэтедуцІапІэмэ, ди щхьэ и эзран зетхъэжу дыэзрыпсэур.

Лэжьыгъэ купщІафІэ зи щІыбагъ къыдэлъ Багъым къэрал гулъытэ лъагэхэри игъэутащ. Ар егъэджэныгъэ лэжьыгъэм и ветеранщ, «Егъэджэныгъэм и отличник» цІэри къыфІащащ, и Іэщ ІагъэмкІэ категорие нэхъыщхьэ кьыхуагъэфэщауэ щытащ.

Унагъуэ дахи иІэщ Хъэмидбий. Абы и щхьэгъусэ Марьям пэщІэдзэ классхэм я егъэджакІуэу ильэс куэдкІэ лэжьащ. Хъэмидбийрэ Марьямрэ ящхъу нэхъыжь Риммэ ЖъБКъУ-м и егъэджакІуэщ, психологие щІэныгъэхэм я кандидатщ, щхьэпэ зэрызэрыгъэІэрІэ. И ныбжьыр хэкІуэта пэтми, абы хуэзэфІэкІащ Марьям мэщІэ дыдэщ. Абы иджыри зэ къегъэльагъуэ Хъэмидбий зэрыгурыхуэр, зэрызэчиифІэр.

ЩІэблэм я егъэджакІуэфІым дохъуэхъу нэхъри ефІакІуэу, узыншэу куэдрэ псэуну.

**ПЩЫОЗЬЩІЭ Хъэмзэт.**
*Къулъкъужьи Ищхьэрэ кьуажэ. Бахъсэн район.*

**Мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъэпІащ адыгэ усыгъэм и лыбжьэр зыгъэтІылъа ПащІэ Бэчмырзэ кьызэралъхурэ илъэси 160-рэ зэрырикъур. Жыджэрагъ хэлъу а махуэр щаІэтащ усакІуэр кьыщалъхуа Нартан кьуажэм дэт, ПащІэ Бэчмырз и цІэр зезыхьэ курыт школ №1-м.**

ІУЭХУЩІАПІЭМ и унафэщІ Щоджэн Руслан Хьэчим и къуэм и нэІэ тету кьызэгъэпэща хьуа Іуэхугъуэр екІуэкІащ егъэджакІуэхэми еджакІуэ цІыкІухэми я дежкІэ щІэщыгъуэу, гъэщІэгъуэну. Дызэрыт гъэ еджэгъуэм и етІуанэ Іыхьэм кьыщыщІэдзауэ едгъэкІуэкІащ ПащІэ Бэчмырзэ и фэеплъыр хьуэным хуэгъэпса гъэльэгъуэныгъэхэр, дерс, классе сыхьэт зэІуахэр, усакІуэм теухуа блын газетхэмрэ плакатхэмрэ я зэнчэу. Гупльэгъэ хэта сыт щыгъуи зыхуэтщІ музейм зы тхъэмахуэм хуэриубыдэу сабий щищым нэблагъэ зыплъыхьакІуэ тшащ. Абы хуабжьу щыгуфІыкІащ, гуапэу дригъэблэгъащ, хъыбар гъэщІэгъуэнэр кьытхуиІуэтащ Бэчмырзэ и музейр кьызэзыгъэпэща икІи ар зезыхьэ ПащІэ Ленэ.

Езы егъэджакІуэ цІыкІухэми кьагъэльэгъуащ Бэчмырзэ теухуауэ я щІэныгъэр зэдыиэсыр: абы и кьалэмыпэм кьыпыкІам хьэлэмэту кьеджащ, усакІуэ щэджащэм и фэеплъ ятха сочинениэ купщІафІхэм кьызэхуэхьэхэр щыгъуазэ хуащІащ. Ленэ хуабжьу щыгуфІыкІащ Бэчмырзэ теухуа апхуэдэ щІэныгъэ егъэджакІуэхэм эрабгъэдэлъым икІи сабийхэм псалъэ дахэ кьажриІащ. Апхуэдэу ПащІэм фІыщІэ псалъэкІэ закьыхуигъэщащ егъэджапІэм и унафэщІым гъэсэныгъэмкІэ и кІуэдэ ДащІэкІ Жаннэ, егъэджакІуэмэ зыщыкІ Ларисэ, Хьэгъэбанэ Анетэ, Сей Ниинэ, Чэлимэт Джульеттэ сымэ, зи сабийхэр музейм зыша нэгъуэщІ егъэджакІуэхэмэ.

Дызэрыщыгъуазэщи, художествениэ псалъэм кьаур ин иІэщ. Абы акьыл кьыдхэпльхьэ, ди зэхэщІыкІым зрегъэужь, псом хэмыдэу ар щІыху гъащІэм, псэукІэм ехьэлІауэ щытмэ. Абы кьыхэкІкІэ щІэблэр гъэсэныкІэ литературэм и мыхьэнэр лъагэщ. Тхыгъэ гъэщэ и пащхьэ итлъхьэкІэ, сабийр абы дихьэхьнукъым, зыІэпищэнукъым, апхуэдэу щыщІатКІэ, д ькъдгъэсэбэпынхьэщ иджырей зэманым нэщэнэ хуэхъуа компьютер технологиехэр, кьызэрыгуэкІыу щымыт Іуэху епльыкІэхэр, классе блынджабиплІым «кьыщІэбжьуэдІ» урок зэхуэмыдэхэр. Горький Максим жиІэгъащ: «ЦІыхур езыр игукІэ художникщ. УвыІэгъэ имыІэу ар хущІокъу и псэукІэр сыт и лъэныкъуэкІи зэригъэщІэрэщІэныМ». ЕгъэджакІуэми и кьалэнщ, художникым хуэдэу, и урокхэр пльыфэбэ ищІыну, макъэмэ дахэм ещхьу ар гуапэу кьиІуэтэну, еджакІуэр кьызэрыдихьэхьи Іэмалыщ Іэхэр кьигъуэтыну. Дауи, апхуэдэхэм деж сабийр лэжьыгъэм нэхъ кьыхэша мэхъу, урокхэр щыбгъэхьэзыркІэ еджакІуэхэр жыджэру кьыбдолажьэ, езыр-езыру щІэныгъэр зыІэрагъэхьэфу, къагъэсэбэпыфу йоэ, еджэныгъэри нэхъ йофІакІуэ.

Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэщ гъуэгугъэльагъуэу диІэр, лъэпкъ литературэм и фІыпІэхэм ди гъэсэнхэр щыгъуазэ щыхуэтщІкІэ. УсакІуэм е тхакІуэм и Іэщ Іэмрэ литературэм гъуэгуанэмрэ щедгъэджкІэ, дэ дыхущІокъу зи гугъу сщІы а Іэмал пэрытхэр щэщІауэ кьызэрыдгъэсэбэпыным. Иджырей гъащІэм хэпсэукІ сабийхэр кьыдэпхьэхыу еджэныгъэм кьыхэпщэныр икьукІэ гугъущ, псом хэмыдэу лъэпкъ литературэмрэ ди анэдэлъхьэм и ІофІагъымрэ дебгъэхьэхыну, зыхебгъэщІэну. Абы кьыхэкІкІэ щхьэпэ дыдэ хуащ, кьытезгъэзэжынщи, ди еджапІэм ПащІэ Бэчмырзэ кьызэралъхурэ илъэси 160-рэ зэрырикъум ехьэлІауэ щекІуэкІа лэжьыгъэр.

А лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІар газетджэхэм нэхъ нэрылъагъу фІыцкъэн папщІэ, фи пащхьэ ислъхьэну сыхуейт класс нэхъыжьхэм щезгъэкІуэкІа классщІыб еджэныгъэмкІэ урокым щыщ зы пычыгъэу.

КьызыжьІа лэжьыкъым ПащІэ Бэчмырзэ и гъащІэр щхьэузыхь зэрыхуищІарт дерсым темэ хуэхъуар. Псом япэу ПащІэ Бэчмырзэ и музейм дыщыІащ, абы теухуа кьыбгар куэдым дышІэдэІуащ, псэкІэ пэгъунэгъу зыхуэтщІащ, дадэ Іуманхуэм теухуауэ щІэр зэдыкъэри къэдгъэзэнэ. Іуащ. ИтІанэ сабийхэр гуп-гупу згуэшри, унэ джыгъуэ естащ: усэ гукІэ зэгъэщІэн, уэрэдыр тэмэму жаІэфу, ролхэр ягъэзэщІэфу зегъэзэн.

А лэжьыгъэм кьрикІуахэр кьэпщытэжа ноужь, кьыкІэлъыкІуэ зэхуэсхэр нэхъ кууэр щыдгъэгъуэзэн, лъэпкъ тхыдэмрэ гъуэзджэмрэ щыщ нальэ лъапІэхэм ахэр нэІуасэ яхуэщІын, я зэфІэкІи адэкІи зедгъэужьын, усыгъэмрэ дыкъэзыухъуреихь дахагъэмрэ едгъэкъэхьын мурадыр диІэу.

**«Уей, зэманыжьу шыдыгужь кІуэкІэ, Пщыжь щхьэхуещэхэр щымыІэжатэм, Дунейр щІэращІэ хъужьнт. Зэманыр шэрхъыу мэкІэрахъуэ, Шыдыгужь кІуэкІэр имыІж. ЩымыІэжьыщ кьыныкъуэкІуахэм Я щхьэхуещагъэр кьытхуагъэнащ.**

**Дуней щІэращІэм сыт хужьыпІэ? Шыдыгу кІыргъ макъыр зэхэдмыхьыж,**

**Ауэ гъащІэм и пэжэу дызыкъуэкІуахэм Узэгр нэхъ лъахьшэ хьуа кьысфІагъэщІ.**

**ЗохигъэщІыщІэу зэманыр, Дуней шэрхъыжьыр ЮкІэрэхъуэкІ. Щхьэж и къуаншагъэр ильагъужатэм, Дунейр щІэращІэ хъужьащ».**

Гъэсэныгъэ мыхьэнэ ин ящІэльщ а сатырхэм. Бэчмырзэ «зэманыжьу шыдыгужь кІуэкІ» жыхуиІар шэрхъыу мэкІэрахъуэ, дуней жыхуиІэу. Дэри а шэрхъым и гъусэу доджэрэз, докІэрахъуэ. Шэрхъым дригудэзми ярейщ. Дэ кьытщохьу ар бдзэ зэпыщІащ, абы теухуа ди гъэсэныгъэ ябгъэдэлъ ящІэжатэм, Дунейр щІэращІэ хъужьнт». «ЩІыху щхьэхуещэхэр» - жиІэнт ящхъ Бэчмырзэ.

АтІэ, ди зэманыр дяпэкІи «кІэрэхъуэн» папщІэ, сыт хуэдэ «гудз» абы хэльын хуейр? Кьэдвгъэгъуэтыт дызэгъусэу мы уэшІым и ягъэкІуэн. Дунейр зэтеэІыкІыгъэр щІыхьэм бгъэдэль щытыкІэфІэхэрщ, хьэл-щэн дахэхэрщ. ХуэтщІынщ мис ахэр ди шэрхъым гудзэ. Сыт хуэдэ ахэр? Мыбдежьм сабийхэр ди гъусэу кьыдогъуэт ди дунейр нэхъ дахэ, гуапэ хьэн щхьэжІэ, нэхъ дызыхуэныкъуэ хьэлхэр. Дауи, апхуэдэхэщ, *хьэлэлыгъэ, гуапагъэ, кьабзагъэ, лыгъэ, нэмыс, лъагъуныгъэ, ныбжьэгъугъэ, пэжыгъэ, хабзэ, гущІэгъу, Іуащыгъэ, шыІэныгъэ* жыхуиІэхэр, нэгъэщІэхэри.

Дыгъэм и бзий гуапэу заукъуэдияц мы псалъэ щыпкъэхэм. Дыгъэр гъащІэщ! А гъащІэр зэтеэІыгъэр ди хьэл-щэныфІхэращи, дахуэвгъэсакъ абы!

МазитІым кьриубыдэу еджапІэм щедгъэкІуэкІащ ПащІэ Бэчмырзэ и махуэшхуэм епха лэжьыгъэ куэд. А псори кьызэщІэзыкъуэжт школ пщІантІэ хуитыж иджыблагъэ кьыщызэдгъэпэща пэкІу иныр. Усыгъэрэ макъамэу зэхэт, псалъэ гуапэхэмрэ удз гъэгъахэмрэ щыкуэд а зэхуэсыр хьуащ щІыхубэм кьахэкІа икІи щІыхубэм щхьэкІэ псэуа усакІуэ уахътыншэм и пщІэр ихэри кьыщытІэта, абы и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ щэблэр щыгъуазэ щыхуэтщІа фэеплъ зэІуащІэ.

КьызэрыгъэщІыхьумкІэ, апхуэдэ лэжьыгъэхэр хуабжьу щхьэпэщ ныбжьыщІэхэр хэкур фІыуэ яІьагъуу, псэкупсэ хьулеягъ яхэлъу кьэгъэтэджьнымкІэ.

**ХЬЭБЫЛЭ Ирин,**
*егъэджакІуэ,*
*Нартан дэт курыт школ №1-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ.*
*Щэджэм район*

**Нартан дэт езаиэ курыт еджапІэм щагъэлъэпІащ ПащІэ Бэчмырзэ кьыщалъхуа махуэр.**

● ПащІэ Бэчмырзэ илъэси 160-рэ ирокъу

# ЩІыхубэм щхьэкІэ псэуа

● Гъуэгу къежьапІэ

# Инарыкъуейхэр псоми ятокІуэ

**Школакіуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и щыналъэ Іыхьэхэм кьарикІуахэр кьыщапщытэж зэманыр кьэсащ. Тэрч районым егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм и Іэщагъэлэсіэмрэ щІыпІэм и егъэджакІуэ пащэхэмрэ яджыблагъэ хэпльэжащ ныбжьыщІэхэм я районпсо зэхьэзэхуэм нахуэ яІэщІахэм.**

ЩІЫПІЭМ и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ КІуантІэ Замирэ щыгъуазэ дызэрыхьуищІамкІэ, мыгъэрей школ олимпиадэхэм хэтащ районым и курыт еджапІэ 20-м я 7 - 11-нэ классхэм щІэс ныбжьыщІэ 1812-рэ. Ахэр зэпеуащ курыт школхэм щадж предмет 21-кІэ. Ныбжьыщ Іэхэм я зэфІэкІхэм кІэлъыплъащ предмет кьэс щхьэхуэу кьыхуэзнэхьыбэ щохьу Тэрч районым. УрысыбзэмкІэ екІуэкІа зэпеуэм ныбжьыщІэ нэхъыбэ кьрихьэлІащ - школакІуэм 168-рэ. Апхуэдэу сабий куэд хэтащ инджылызыбзэмкІэ, химиемкІэ, биологиемкІэ зэхьэзэхуэхэм. КъэпщытакІуэхэм я къызэралъытамкІэ, екъулІэныгъэ лъагэхэр зыІэрагъэхьащ Тэрч кьалэм дэт курыт школхэу №№1, 3, 2-хэм. Абыхэм япэ увыпІэхэр кьахьащ. КъэпщытакІуэхэм я гъэсэнхэм ящыщу нэхъ кьыхэжаныкІар Инарыкъуей, Урожайнэ жылэхэм дэт курыт школхэм я еджакІуэхэрщ.

Зэпеуэхэм щытекІуахэм я зэфІэкІхэр щагъэлъэгъуэнущ республикІэ комитетым, егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэм и унафэщІ Варий Маринэ зи пашэм.

Олимпиадэ зэщІэхьеныгъэм хьыхь школакІуэхэм я бжыгъэр гъэ кьэс нэхъыбэ щохьу Тэрч районым. УрысыбзэмкІэ екІуэкІа зэпеуэм ныбжьыщІэ нэхъыбэ кьрихьэлІащ - школакІуэм 168-рэ. Апхуэдэу сабий куэд хэтащ инджылызыбзэмкІэ, химиемкІэ, биологиемкІэ зэхьэзэхуэхэм. КъэпщытакІуэхэм я къызэралъытамкІэ, екъулІэныгъэ лъагэхэр зыІэрагъэхьащ Тэрч кьалэм дэт курыт школхэу №№1, 3, 2-хэм. Абыхэм япэ увыпІэхэр кьахьащ. КъэпщытакІуэхэм я гъэсэнхэм ящыщу нэхъ кьыхэжаныкІар Инарыкъуей, Урожайнэ жылэхэм дэт курыт школхэм я еджакІуэхэрщ.

● Зыуэ щыт къэрал экзамен

# Къэпщытэныгъэхэр зэрекІуэкІынур

**Ди республикэм и курыт школхэм мы зэманым щокІуэкІ Зыуэ щыт къэрал экзаменыр 2014 гъэм къызэрызэрагъэпэщыну щыкІэм, абы щІэуэ хатъхьа хабзэхэм зыщыгъэгъуэзэным епха лэжьыгъэхэр. Апхуэдэу, Іуащхьэмахуэ районым егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм и Іэщагъэлэсіэм Тырныауз дэт курыт еджапІэ №5-м иджыблагъэ кьыщызэрагъэпэщащ ЕГЭ-м теухуа зэІущІ щхьэпэ. Абы къыкъэгъэзэрыгъэ, мы гъэм 11-нэ классыр кьэзыух ныбжьыщІэхэмрэ абыхэм я ащэ-пащэхэмрэ. Абыхэр ныбжьыщІэ щІыпІэ адміниистрацэм и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ Тарим Алисэ.**

ЗэХУЭСЫР иригъэкІуэкІащ куей адміниистрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ Афашоковэ Раисэ. Ар кьызэхуэсахэм зэпкърыхауэ яхутепсэльхьащ 2014 гъэм ЕГЭ-р зэрекІуэкІыну щыкІэмрэ абы зэрызыхуагъаэ кьэпщытэныгъэхэу мыгувэу кьызэрагъэпэщынуэмрэ яхьэть щхьэхуэныгъэхэм. Іуащхьэмахуэ районым кьызэхэт зэкІурыт школхэм дяпэкІэ тхьэмахуэ кьэс зэ щекІуэкІынущ еджакІуэхэр ЕГЭ-м хуэзыгъасэ тест лэжьыгъэхэр. «Апхуэдэ Іуэху кьызэгъэпэщыкІэм, *фэ*, ныбжьыщІэхэ, фыхунгъэзэнущ ЕГЭ-м и хабзэхэм, абы нэхъ тегушхуауэ. ФыщІымышынэу фыхэхъуныным», - кьыхигъэщащ Афашоковэм. Абы дыщІигъуащ КъБР-м ЕГъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм кьита хьыбарым ипкъ иткІэ, къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм мы гъэм ЕГЭ-м хэлъ кьыхэкІ мыльукъкІэ ирагъэдждэну кьащтэну студентхэм я бжыгъэм куэдкІэ зэрыхэхъуар - курыт школыр кьэзыухуну мин 700-м ящыщу мин 500-м Іэмал яІэнущ къэрал мыльукъкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъэтыну.

Мы гъэм екІуэкІыну ЕГЭ-м хэлъыну нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми кьытеувыІащ Афашоковэр. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, видеокІэлэтыпльтыныгъэр нэхъ ткІий зэращІынур, жып телефонхэр, нэгъуэщІ техникэ Іэмэпсымэхэр экзаменым зэдыщІэнхэ зэрымыхъунур.

ЗэІущІэм жыджэру хэтащ адэ-анэхэрэ. Ахэр щІэупщІащ ЕГЭ-м теухуауэ нэхъ куууэ щыгъуазэ зызыхуащІыну хуей Іуэхугъуэхэм. Абыхэм я упщІэхэм жэуап зэпкърыхахэр кьратащ куей адміниистрацэм, егъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэм, хабзэхъумэ, медицинэ Іуэхущапіэхэм я лЫкІуэхэм. Абыхэм зэрыжаІамкІэ, мыпхуэдэ зэхуэсхэр щІыпІэм иджыри мыз-мытІэу щрагъэкІуэкІынущ, кьэпщытэныгъэхэм нэхъ хуэщІауэ зыхуагъэхьэзырыфын папщІэ.

**КЪАРДЭН Маритэ.**
*Іуащхьэмахуэ куей*

Напэкіуэцір зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

● Гуапагъэ

# Сабийхэр унэтІыныгъэ куэдым дахьэх

**Сочэ къалэм мыгувэу кьыщызэІуахыну XXII Щымахуэ Олимп Джугъэхэм и пэ кьихуэу Прохладнэ куейм и библиотекхэм зэІущІэ гуапэхэр щокІуэкІ. Библиотекхэхэм я лэжьакІуэхэм мурад ящІащ ныбжьыщІэ щІыкІухэм спортым, олимп зэщІэхъеенныгъэм теухуа нэщІэдзэ щІэныгъэ иратыну. Іуэхум и мурад нэхъыщхьэр спортыр псэукІэ узынщэм и лъабжьэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр кьытщІэхъуэ щІэблэм кьагурыгъэІуэнырщ.**

РАЙОНЫМ и спортсмен цІэрыІуэхэр кьыхащащ Іуэху дахэм. Дыгъэгъазэм и иужьрей махуэхэм ахэр библиотекэхэм щаІуощІэ школакІуэхэм икІи спортымрэ илъэс зэмылІужьыгъуэхэм екІуэкІауэ щыта Олимп Джугъэхэмрэ ятеуха тхьалІэгъуэнхэм кьахуоджэ. Сабийхэр дэхьэхьхьэ а унэтІыныгъэм екъэлІауэ ягъуэт щІэныгъэм и закъуэкым, атІэ езы спортсменхэми йопсэльыдІэ, абыхэм зыІэрагъэхьа екъуэдІэныгъэхэр, адэкІэ яІэ мурадхэр яфІэхьэлэмэту.

Библиотекэм и лэжьакІуэхэм кьызэралытамкІэ, апхуэдэ зэІущІэхэр сэбэпышхуэ мэхъу сабийхэр спортымрэ физкультурэмрэ нэхъри дегъэхьэхьнымкІэ, мамырыгъэмрэ зыуэзщІыныгъэмрэ яхуэгъэпса Олимп Джугъэхэм щыгъэгъуэзэнымкІэ.

**ГЛАШКОВЭ Еленэ.**
*Прохладнэ район.*

● Зыуэ щыт къэрал экзамен

# Къэпщытэныгъэхэр зэрекІуэкІынур

**Ди республикэм и курыт школхэм мы зэманым щокІуэкІ Зыуэ щыт къэрал экзаменыр 2014 гъэм къызэрызэрагъэпэщыну щыкІэм, абы щІэуэ хатъхьа хабзэхэм зыщыгъэгъуэзэным епха лэжьыгъэхэр. Апхуэдэу, Іуащхьэмахуэ районым егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм и Іэщагъэлэсіэм Тырныауз дэт курыт еджапІэ №5-м иджыблагъэ кьыщызэрагъэпэщащ ЕГЭ-м теухуа зэІущІэ щхьэпэ. Абы къыкъэгъэзэрыгъэ, мы гъэм 11-нэ классыр кьэзыух ныбжьыщІэхэмрэ абыхэм я ащэ-пащэхэмрэ. Абыхэр ныбжьыщІэ щІыпІэ адміниистрацэм и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ Тарим Алисэ.**

ЗэХУЭСЫР иригъэкІуэкІащ куей адміниистрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ Афашоковэ Раисэ. Ар кьызэхуэсахэм зэпкърыхауэ яхутепсэльхьащ 2014 гъэм ЕГЭ-р зэрекІуэкІыну щыкІэмрэ абы зэрызыхуагъаэ кьэпщытэныгъэхэу мыгувэу кьызэрагъэпэщынуэмрэ яхьэть щхьэхуэныгъэхэм. Іуащхьэмахуэ районым кьызэхэт зэкІурыт школхэм дяпэкІэ тхьэмахуэ кьэс зэ щекІуэкІынущ еджакІуэхэр ЕГЭ-м хуэзыгъасэ тест лэжьыгъэхэр. «Апхуэдэ Іуэху кьызэгъэпэщыкІэм, *фэ*, ныбжьыщІэхэ, фыхунгъэзэнущ ЕГЭ-м и хабзэхэм, абы нэхъ тегушхуауэ. ФыщІымышынэу фыхэхъуныным», - кьыхигъэщащ Афашоковэм. Абы дыщІигъуащ КъБР-м ЕГъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм кьита хьыбарым ипкъ иткІэ, къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм мы гъэм ЕГЭ-м хэлъ кьыхэкІ мыльукъкІэ ирагъэдждэну кьащтэну студентхэм я бжыгъэм куэдкІэ зэрыхэхъуар - курыт школыр кьэзыухуну мин 700-м ящыщу мин 500-м Іэмал яІэнущ къэрал мыльукъкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъэтыну.

Мы гъэм екІуэкІыну ЕГЭ-м хэлъыну нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми кьытеувыІащ Афашоковэр. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, видеокІэлэтыпльтыныгъэр нэхъ ткІий зэращІынур, жып телефонхэр, нэгъуэщІ техникэ Іэмэпсымэхэр экзаменым зэдыщІэнхэ зэрымыхъунур.

ЗэІущІэм жыджэру хэтащ адэ-анэхэрэ. Ахэр щІэупщІащ ЕГЭ-м теухуауэ нэхъ куууэ щыгъуазэ зызыхуащІыну хуей Іуэхугъуэхэм. Абыхэм я упщІэхэм жэуап зэпкърыхахэр кьратащ куей адміниистрацэм, егъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэм, хабзэхъумэ, медицинэ Іуэхущапіэхэм я лЫкІуэхэм. Абыхэм зэрыжаІамкІэ, мыпхуэдэ зэхуэсхэр щІыпІэм иджыри мыз-мытІэу щрагъэкІуэкІынущ, кьэпщытэныгъэхэм нэхъ хуэщІауэ зыхуагъэхьэзырыфын папщІэ.

**КЪАРДЭН Маритэ.**
*Іуащхьэмахуэ куей*

Напэкіуэцір зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

Экономикэ Политикэ

# Махэуку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

● КъулыкъущІэхэр

## Къэралым и хьэкъкІэ мэтхъэж

**ЩІыщылдэм и 1-м къару ягъуэтын хуеящ къэралым къыщхъуэгъэ зыхуэдэхэр зыубзыху хабзэщІэхэм. Ахэр хуэгъэзащ къулыкъущІэхэм щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ ягъэкІуэщІ бюджет ахъшэр гъэмэщІэным.**

ЖЫЛЭН хуейщ, нэхъапэм хуэдэу, щІугъэнэ мыхьэнэншэхэм мылъку трагъэкІуэдэным къулыкъущІэхэр иджы зэрытемыгушхуэжыр. Ауэ я щхьэхъуэмэхэмрэ транспортымрэ папщІэ ахъшэ щыхьыкрыкым, 2013 гъэм и кІэм белджылы хъуащ Челябинскэ областым и губернатор Юревич Михаил псоми зэратекІуэр. Иджы дыдэ и къулыкъум текІами, куэдрэ ящыгъупщэжыныкъым ар къэрал мылъкум хуэнэхъуеншІэу зэрыщытар. Псалъэм и хьэтыркІэ, Іэщэкі зэщІэуэзэда и щхьэхъумэхэр 2014 гъэм ныгыным сом мелуан 55-рэ кІыхьуатІыщыкІ хуейуэ игъэльэгъуащ. Урысейпсо щыхубз фронтыр къытехъущІыхьа ижь, абы а бжыгъэр сом мелуан 30-м нэсэ иригъэхат (губернаторыщІэм иджы ар нэхъри игъэмащІэну къыщІэкІынущ). ЗэвгъэщІын папщІэ: Бурятием и Іэтащхьэ Наговицын Виталий хъэзырщ езым и щхьэхъумэхэм сом мелуани 7,5-рэ «фІэкІа» тримыгъэкІуэдэну.

### Сыту фІы лъагэу утету укъеплъыхыну!

Знусхьэн Юревич апхуэдэу цІэрыІуэ хъуащ 2011 гъэм сом мелуан 289-рэ и уасэ Bell-429 вертолёт гъапІэ дыдэр къыхэрихуащхъуамкІэ. Иджы а машинэр зэрахьэным, страховкэ сом мелуани 4-р хэмыту, ты щхьэхъуэм сом мелуан 55-рэ текІуадэ. Уэгум щыхуарзэ Іэмэпсымэхэм дахьох нэгъуэщІ щІыналъэ унафэщІхэри. Bell-407 вертолётым ехъуэпсащ Приморьем и губернаторыр. Ар сентябр аниадзэм къыхуащхъуу жаІэ, ауэ абы и кІуэщІыр апхуэдизкІэ гъэщІэрэщІащи, Іэщіагъэлі хэм ар нэхъ зрагъэщхьыр хъэщІэщым и пІэ зыкъизыхьыр.

Зи гугъу тІыгъ зэпеуэм къыщыхэжанькІащ Вологдэ областым и губернатор Кувшинников Олег. ПщІэкІэ кхъуьльтатэхэр къыщтэуэрэ, абы нужь ильэситІым хузэфІэкІащ километр мин 500 нэхъ мынэхъ мащІэ - нэхъуэщІу къыбжьмэ, Щы хъурейр 12-рэ кьильэтыхьын (сом мелуан 86-рэ текІуадэу). ГурыіуэгъэщІ рейсхэм тет кхъуьльтатэхэм ятекІуэдэнур куэд дыдэкІэ зэрыпэхъ мащІэр. Ауэ абыхэм апхуэдэу ущытыншынукъым. Къэрал ахъшэм ущымыщхьмэ хъунущ. ПщІэкІэ кІащтэ кхъуьльтатэхэр зэпымыууэ къагъэсэбэп щІыналъэ 83-м ящыщу 4-м я губернаторхэм. «Дэ къэхутащ мы Іуэхум егъэщІылІауэ лъабжьэншэу заказ лъапІэ дыдэхэр зэратыр, - къыджиІащ Урысейпсо щыхубз фронтым (ОНФ) и Штаб нэхъыщхьэм и унафэщІэхэм ящыщРечалов Александр. - ИкІи языныкъуэ щыналъэхэм апхуэдэ транспортыр къагъэсэбэпыну хунт зыщІ щщалъэхэр щагъэува пэтми, къэрал мылъкум и хьэкъкІэ ирагъэлеин хуейкъым. Псалъэм и хьэтыркІэ, сэ соцІыху авиарейсхэм тет кхъуьльтатэхэмкІэ зекІуэ цІыху кьулейхэр».

Автомобиль гъапІейхэр-щэ? ВПП-лимузину къащхъуэр Къэрал Думэм и депутатхэр темыгушхуащхъуэр, ягъэмэщІэну яужь итыхукІэ, къулыкъущІэ зэмылІэужьыгъуэхэм епІэщІэкІыу автомашинэхэмкІэ зауэд, Арщхьэкі абыхэм я уасэхэм щыгугъауэ защІа нужь, ОНФ-м игъэбелджылащ Прокуратурэ нэхъыщхьэм Audi 12-м лейуэ сом мелуан 21,6-рэ зэрыщІитар. Щэщэн Республикэм и хэзыгъэкІуж судыщІэхэм я лэжьыгъэр кхъыдэзыгъэпэщ Іэнатіэм и къулыкъущІэхэм сом мелуани 5 щІатри, «Седан» Іэхуитльэхуит къащхъуащ. Ауэ апхуэдэ автомобиль лІэужьыгъуэхэр сом мелуани 2,9 - 3,5-рэ нэхъ нэхъ гъапІэкъым.

### Пивэ уефэну - хьэмэмым

Ахъшэ изыкъуэ къулыкъущІэхэр нужь зэманым гугъу йохь. Абыхэм «яжьэхэуэнэзыфІэфІэхэр куэду къыкІуокІ. Псалъэм и хьэтыркІэ, «Хэку шынагъэншэ» - жылагъуэ зэгухьанымрэ я пІэ ирипсэуэжащ Тэтэрым Ухуэныгъэмкіэ, архитектурэмкіэ, ЖКХ-мкІэ и министерствэр. Абы зэпеуэ зэхиублащ сом мелуан 58-рэ и уасэ іэжьыгъэ зэ зэфІэзэныкъуэ кхьыхьыным теухуауэ. Ауэ а лэжьыгъэхэм къулыкъущІэхэм хагъэхьэну я мурадт хьэмэм зэІуэзэтащ ирагъэхуэнур. Зэгухьэныгъэм хэтхэм абыхэм а мурадыр Іэпадущ.

УФ-м и Президентым и Іухухэр зезыхьэ къулыкъущІапІэм Санкт-Петербург и гъуэгу Стрелнэ щІэ уардэунэм и урадфэщІхэм къайхъулІакъым сом мелуан 43-рэ и уасэ тендерыр кхъыныр. НэгъуэщІу жьыпІэмэ, ахэр хуейт сом мелуан 35-рэ и уасэ зыныгъуэ, тутын гъапІэ дыдэхэр кхъащхъуну. Игъэхъэзыра тхыльхэм ярытт акуэлэм и пыр, бдзэжьей хуту фІыщІэ, щыхьыа, фуа-гра, н. къ. ЖытІэнщи, зы фуагра килограммыр сом мини 4, акуэлэм и пыр - сом мин 52,5-рэ, белугэ хугур сом мин 99,5-рэ я уасэщ...

Абы щыгъуэми щІыщылэм и І-м лэжьэн щІидзэн хуеящ Федеральнэ контракт системэм (ФКС). Абы и кьалэнхэм ящыщщ хьэпшыпІ гъапІэу я къащхъур игъэмэщІэныр. Хьэпшыпт дахэхэр къащхъу, унэхэр, Іуэхущ іапІэхэр зыхуеи хуагъаз хъунущ, ауэ абыхэм я уасэр сом мелардым (федеральнэ заказчикхэм я деж), сом мелуаницэм (щІыналъэхэм) щІыщхьэдэх хъунукъым. Пэжщ, Правительствэр хунэсакъым зыхуеину унафэхэр игъэхьэзырын. Иджыри Іуэху куэд зэгарагъэкІуи хуейщ. ПІаабжьэншэу ягъэкІуэщІ ахъшэм ипэ жьыпІэкІэ мардэ щыхуагъэувыфынур... 2016 гъэрщ. Аращи, къулыкъущІэхэм иджыри ильэситІ ялэщ жьыр къыщепщэр ямыщІэу псэуну.

**БАРОВЭ Екатеринэ.**
*«Аргументы и факты»*

**КъулыкъущІэхэм кьалытащ ди къэралым улахуэм ахъшэщхуэІуэ щытрагъэкІуадэ. Экономикэм зиужьыркъым, арщхьэкІэ лэжьыгъэ зэфІэзыгъэкІхэм ратыр нэхъыбэ мэхъу.**

**Кьызэрабжамкіэ, блэкІа ильэсым улахуэхэм процент 5-м нэскІэ хэхьуащ (инфляцэр хэгъэкІауэ). Ауэ лэжьакІуэ псоми нэхъыбэ яІэрыхьа хьуа?**

### Хэт ехьулІар?

АтІэ хэт зи кІэн къикІар? Федеральнэ министрэхщ, абыхэм хуагъэда депутатхэмрэ сенаторхэмрэ: абыхэм я зы мазэ улахуэр сом мини 161-м ирагъэкІри, сом мин 254-м нагъэсащ - процент 57-кІэ яІэтащ. Яхуэбгуэш хуэри щытамэ, зы кьулыкъущІэшхуэм и улахуэм зэрыгъэхьуар яхуриклъынут лэжьакІуэ 25-м. НэгъуэщІу жьыпІэмэ, урысей 25-м я лэжьащІэхэр къыумыІэтми хъунущ - статистикэм и кьалэныр игъэзэщІэнущ: гуфІэу хІущІыІу ищІынущ улахуэхэм зэрыхэхьуар. Іуэхур нэхьыфІыж хьунущ, зэрыжаІам тету, 2014 гъэм фокІадэм и І-н депутатхэм я мазэ улахуэр сом мин 420-м нэса нужь.

УФ-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым жиІащ цІыхухэм ипэжыпІэкІэ нэхъыбэ ирату: Іэнатіэ Іэджэм лэжьакІуэхэм улахуэр конвертхэм дэлъу щаІэрохьэ икІи ар апхуэдизкІэ иужь іыхьэу я улахуэхэм щыщІ Іыхьэу я зыгъэхьэу къэплъитэ хъунущ. АтІэ зи гуащІэкІэ щІакхъуэ уасэ «щІэфаеу» къэзылъжь цІыхур абыхэм яхэубгъадэ хьуну?»

### Нэхъыбэм фыщымыгуфІ

«2013 гъэм бюджетырылажьэхэм я улахуэхэр кьаІэтащ», - жеІэ Макроэкономикэ центрымрэ пІалъэ кІэщІ прогнозымкІэ центрым и Іэщіагъэлі Поляков Игорь. - Мыбы мылъкушхуэ хуохащ. Арщхьэкі къыщыщІагъэлъар ищІагъ дыдэрщ. Пэжщ, хагъэхьуащ. Ауэ ипэІуэкІэ гъэсакІуэхэми социальнэ лэжьакІуэхэми яІэрыхьэр мащІэ дыдэт. ИкІи, процентхэр инми, кьаэхьуар кІэпІейкІэ бжыгъэщ. Къащтэмэ, сабий садхэм я педагогхэм я курыт улахуэхэр сом мин 20-м икІри, сом мин 22,5-м, социальнэ лэжьакІуэхэм яІэрыхьэр сом мин 11-м икІри, сом мин 14-м нэсащ. Аращ зэрыхьури.

Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министерствэм 2014 гъэм улахуэхэм проценти 3,3-кІэ фІэкІа хамыгъэхьэну жеІэ. Бюджетым «тес» языныкъуэхэр кьагъэгугъащ улахуэхэм зымащІэ хущІагъуну. АрщхьэкІэ коммерцІуэхущІапІэхэм я унафэщІхэм иэгъаби мы гъэмэ чэнджэщ ираташ лэжьакІуэхэр улахуэхэмкІэ щамыгъэкІыну - «инфляцэр щІыдэфхуеин щІэкъым».

«Жылагъуэм зэпымыууэ жраІэ улахуэхэм зэрыхэхьуэм инфляцэр щІигъэхуабжьэ хуэдэу. Ар делагъэщ, - кхыкъгъэщхьэхкІ Псэукіэр зыхуэдэмкІэ урысейпсо центрым и Іэтащхьэ Бобков Вячеслав. - Хэхьуэхэр, псом ящхуэ улахуэхэр, зэтеІыгъэным хузгъэзауэ ирагъэкІуэкІ политикэр зытещІыхьар нэхкьыфІэщІыгъэщ. Улахуэхэм нэхъ ину заІэтмэ, щыхуэхэм кьагъэсэбэпым хэхъуэнущ, экономикэм зиужьынущ. Абы щыгъуэми, урысейм и лэжьакІуэхэм ящыщу инфляцэр нэхъыбэу зыхъэхуэр зи улахуэр нэхъ щыкІуэрщ. Аращи, зэрыхэхьуа псори зызыІэта уасэхэм яхьыжь».

АтІэ са сигу кьеуэрэ Совет Союзыр зэрыпхъэлъэжар? Ауэ сытми! Ди къэралым и лъабжьэт лэжьыгъэмрэ гуГъэмрэ. Ди тхыдэм и уардагъэмкІэ, захуагъэ дызыхуэущиІмкІэ ди гъащІэр псыхьат. Уэ унасыпыфІэкІэ Іуэхур зэфІэкІынутэкъым, уи гъуэгу адрей псори насыпыфІэу псэуну хуейт.

ГъэщІэгъэнщ, ауэ социологхэмрэ политологхэмрэ ящогъупщэ Іуэху къызэрыгуэкІ дыдэхэр. ЦІыхум и псэукІэр зытращІыхьыр и щхьэмрэ зыхэт жылагъуэмрэщ. ЦІыхум и дежкІэ машІэщ мелуаныбжьэщ, мелардырыбжьэщ щытыныр. Абы зыхищІэн хуейщ къэралышхуэм и щІыхуэ зэрыщытыр. ПъэщІагъ зыбгъэдэлъым, пщІэрэ щІыхьэ зиІэм. ЦІыхухэр щыщхьэхуитым, щІэныгъэмрэ гъуэзджэмрэ зыщІаджэным. ЩІыдагъэм кьигъэбэта шейхымрэ налкъутхэм хэс африкан вождымрэ Париж е Лондон пщІа гуэри зыкъыщІахуащІынукъым, мелардырыбжьэщ.

Дэдий а къэралышхуэм дыхуэзэщыныр къызыхэкІыр гурыІуэгъуэщ, псори зыфІэлІыкІ къэралгъэ пэщ дыдэу дызэрыщытари пэжщ.

Уи закъуэ уи Іуэху дэкІкІэ зэфІэкІыкІрыфкъ - цІыхур щІохьэпс къэрал лъэщым.

**ВЕЛЛЕР Михаил,**
*тхакІуэ, философ.*
*«Аргументы и факты».*

● Улахуэхэр

## Лэжьапщ Іэхэм хохъуэ. Гуащ Іэрыпсэум и Іуэху къикІа?

● Іуэху еплъыкІэ

## Сыт дигу къыщІеуэр?

**«Левада-центр»-р цІыхухэм зэреуплъам къызэрыгъэлъэгъуамкІэ, урысейхэр я процент 57-м ягу къоуэ СССР-р зэрылъэпъэжар. ЯгъэкІуэкІ социологхэм епІэщІэкІыу жаІащ апхуэдизкІэ иджырей гъащІэм хэмызэгъэфа икІи зи зэфІэкІхэр мащІэ ІныжьфІызыжьэрауэ. Ауэ абыхэм я закъуэ?**

ЗЭГУЭН сэри сыщІэхъуэпсу щытащ СССР-р лъэпъэжыным, уеблэмэ кІуэцІрыхуным. Абы псом щхьэкІи хуит зыхьебгъащІын хуейт! Сэ къэралым къыбгъэдэкІыну сызыхуейр сыпсэуну, сфІэфІыр сщІэну Іэмал къызитынырт.

Сэ псэуклэщІэм екІуу сызхэзгъащ. Хуит сыхъуащ сызыхуейр стхыну, ящхэчнум хуэдиз тхыпІэ кьыдэзгъэкІыну, схуэзгІэкІ кьэзгъэжыну, си нэхэр здэплъэм сыкІуэну.

АтІэ са сигу кьеуэрэ Совет Союзыр зэрыпхъэлъэжар? Ауэ сытми! Ди къэралым и лъабжьэт лэжьыгъэмрэ гуГъэмрэ. Ди тхыдэм и уардагъэмкІэ, захуагъэ дызыхуэущиІмкІэ ди гъащІэр псыхьат. Уэ унасыпыфІэкІэ Іуэхур зэфІэкІынутэкъым, уи гъуэгу адрей псори насыпыфІэу псэуну хуейт.

ГъэщІэгъэнщ, ауэ социологхэмрэ политологхэмрэ ящогъупщэ Іуэху къызэрыгуэкІ дыдэхэр. ЦІыхум и псэукІэр зытращІыхьыр и щхьэмрэ зыхэт жылагъуэмрэщ. ЦІыхум и дежкІэ машІэщ мелуаныбжьэщ, мелардырыбжьэщ щытыныр. Абы зыхищІэн хуейщ къэралышхуэм и щІыхуэ зэрыщытыр. ПъэщІагъ зыбгъэдэлъым, пщІэрэ щІыхьэ зиІэм. ЦІыхухэр щыщхьэхуитым, щІэныгъэмрэ гъуэзджэмрэ зыщІаджэным. ЩІыдагъэм кьигъэбэта шейхымрэ налкъутхэм хэс африкан вождымрэ Париж е Лондон пщІа гуэри зыкъыщІахуащІынукъым, мелардырыбжьэщ.

Дэдий а къэралышхуэм дыхуэзэщыныр къызыхэкІыр гурыІуэгъуэщ, псори зыфІэлІыкІ къэралгъэ пэщ дыдэу дызэрыщытари пэжщ.

Уи закъуэ уи Іуэху дэкІкІэ зэфІэкІыкІрыфкъ - цІыхур щІохьэпс къэрал лъэщым.

**ВЕЛЛЕР Михаил,**
*тхакІуэ, философ.*
*«Аргументы и факты».*

● Зэман

## «Гъэмахуэр» имыкІыу допсэу

**Иджыблагъэ Къэрал Думэм къыщыхьыхьауэ щымахуэ зэманым дыхуэзыІуэжьыным теухуа хабзэгъуэ проектыр. Ар зыгъэхьэзыраХэм къыпэчъ бжьыхьэ дыдэхэм я Іуэхум щыщІэдзауэ щыуагъэсым зэрезэгъым хуэдизу дыпсэуну.**

ЩІЫМАХУЭ зэманым дыкъыпагъэкІащ 2011 гъэм. ЦІыхуитІ къэс зым кьелъыгъэ абы и уажьэкІ кІыфІыгъэм дыхьыхьауэ. «АиФ»-м кІыхьрыхьэ тхыгъэхэр, щыхьэт зэрытехъуэщи, щІыналъэхэм я нэхъыбэм фыгъэр сыхьэти 10-м кьыщыщІокІ, сыхьэт 16-м щыгъуэхьэж. Психологхэмрэ дохутырхэмрэ къэгуэзващ. Къэхутэнгъэхэм кьыздэгащІэгъэуамкІэ, кІыфІым акъылыр егъэутхъуэ, зызыуІыкІыжьэ хуэдитІым нэскІэ нэхъыбэ хъуащ, зэупщІахэм я процент 14-р нэхъ сымаджэрилэщ, хьэлэбэлыкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я бжыгъэм хуэди 2,5-кІэ зиІэтащ. Псом хуэмыдэу лей зытетхьэр жейбащхьэуэу школэхэм яшэ сабийхэмрэ сыхьэти 8-м лэжьэн щІэзыдзэхэмрэщ. Краснодар крайм щыІэ Горячий Ключ къалэм и Іэтащхьэм ешыл и унафэкІэ лэжьэн щыщІадзэ зэманыр зы сыхьэткІэ къиГъэлэпхъуащ, абыкІи фІыщІэшхуэ дыдэ кьихьащ. 2013 гъэм и жъпуэгъуэм щІымахуэ зэман бжьыкІэм хуэкІуэжьыным теухуауэ «АиФ»-м цІыхухэм зэреупщІауэ щытам кьигъэлъэгъуащ нэхъыбэр абы зэриІтьыкъэ.

Проектыр кьыздэхьалъхьам кьикІыркъым а хабзэр фІэжьІыпІэ имыІыу яГъэувыну. Къэрал Думэм Узыншагъэр хуЪмэнымкІэ и комитетым и унафэщІ **Калашников Сергей** жеІэ:

- УФ-м и премьер-министрым и пресс-секретарь Тимаковэ Наталье жиІащ «щІымахуэ зэманым» техьэжьыным теухуа проект Правительствэм игъэхьэзыр хуэдэу ягъэхьадрэхэр мыгъэу. Абы къокІ дэ дяпэкІи «гъэмахуэр имыкІыу» дагъэпсэуну.

Мы Іуэхум къэралым хуабжьу щытопсэлъыхьэ. Ди комитетым зэрыгъэкІыхьуагъэхэр тхыгъэм куэдрэ ущрохьэлІэ «геноцид» псалъэм. Сэ сыхуейкъым ар е абы ещхь нэгъуэщІ псалъэхэр кьэзгъэсэбэпыну, ауэ щытыкІэр аксыпым кьыгІэрэжьым. ЦІыхухэм кхъытхатхэр кьэдмылъытэми, ирагъэкІуэкІа къэхутэнгъэхэм кьагъэльагъуэ «гъэмахуэ зэманым» дыкъызэрытранар узыншагъэм хуабжьу зэран зэрыхухъуар.

Педагогхэм я псальэхэм ятещІыхьмэ, псом хуэмыдэу гугъу йохь астроном зэманымкІэ сыхьэти 4-м къэтоджу школым кІуэн икІи еджэн хуей сабийхэр. ЕгъэджакІуэхэм кьатх япэ уроклІуэм еджакІуэхэр щхьэхуЪэу зэрыщІэсыр, жраІэхэр кьаззэрыгурымыІуэр. Я Узыншагъэр зэрызэІыхьэм и гугъу умыщІыххэ.

Олимпиадэм и пэ кьихьуэу сыхьэтыр кьрагъэкІуэтыжьыну кьулыкъущІэхэр хуенкъым. Япэрауэ, иджырей зэман къэлэжькІэм тещІыхьауэ телевизорым кьигъэльагъуэнухэр, рекламэхэр зэхалъхьащ. ЕтІуанэрауэ, ахэр хуейтэкъым Къэрал Думэм и Іэнкъэзгъэлъэгъуэнухэр, «щІымахуэ зэманым» хуэкъуэжьыну.

Пэжщ, ди къэрал абрагъэр зытетыну зэманыр кьыхэпхыныр тІыншкъым. Нобэ УФ-м и щІыналъэ 7-р зэманэ тэмэмыІ, 54-р зы сыхьэткІэ, 22-р сыхьэтитІкІэ абы текІауэ мэпсэу. Иужьрейхэм щыщу 8-р астроном зэманым тІыншу техьэфІынущ, арщхьэкІэ адрей 14-м я зы сыхьэт зыкъызэрыфІэкІа зэманыр щагъэІэпхъуэфІынукъым.

Ауэ иджы да депутатхэр тедгъэпсэлъыхьынущ хабзэм ящыщу ІэпІэ. Федерацэм и щІыналъэ псори арэзы зытехъуэ икІи абыхэм я лъэІуэхэр кьыщытлъыта проектым. Ар кьамыщтэн яхуэзфІэкІынукъым. Абы къыхэкІыу дыщогугъэ 2014 гъэм и жэпуэгъуэм и иужьрей щэбэтым сыхьэтыр кьидгъэкІуэтыжьыну икІи кІыхьлІыхь хъуа мы Іуэхум кІэ игъэутыну.

*«Аргументы и факты»*

● Шынагъуэншагъэ

## ХабзэщІэм тету

**Краснодар уикІыу Ставрополь, Ростов областым, Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм автобусКІэ уэзрыкІуэн билет къэпщэхун папщІэ узищІысыр зыгъэнаІуэ тхъылъ пІыгъын хуейщ.**

КРАСНОДАР крайм щытехьащ 2013 гъэм и бадзэуэгъуэм Урысей Федерацэм ТранспортымкІэ и министерствэм игъэува хабзэщІэхэм. Зы щІыналъэм икІыу адрейм автобусКІэ кІуэ цІыхухэм я щынагъуэншагъэр зыхэзгъэпэщын мурадкІэ, билетхэр зращэр паспорт, е зищІысыр къигъэнаІуэу лэжьапІэм кьыщрата тхылъ зыгъэлъагъуэрщ. УнэщІэр, цІэр, адзщІэр, паспортым и номерыр, автобусыр щытекІын хуей щІыпІэмрэ зэманымрэ ятх. ЦІыхум и унэщІэмрэ цІэмрэ билетым трагъэуэнущ. Автобусым итІысхьэн и пэ билетым еплъынщ къэпщытакІуэр.

Мы хабзэр зэгъэщІыпІар щыналъэхэр зэпызыщІэ автобусхэм я закъуэщ: Краснодар уикІыу Темрюк, Анапэрокэ крайм и иэгъуэщІ щІыпІэ укІуэн папщІэ зыри ухуеннукъым. ЖытІэнщи, «Южный» автовокзалым утекІыу Ростов областым, Ставрополь крайм, Астрахань областым, Кавказ Ищхъэрэмрэ Кавказ ЩІыбымрэ я республикэхэм, Украинэм, Крымым, Германием укІуэ хъунущ. Вокзалым къызэрыщыджаІамкІэ, министерствэм игъэува хабзэхэм дяпэкІэ сыт щыгъуи тетынущ.

**АКСЁНОВЭ Ириня.**
*«Российская газета»*

● Германие

**Ахъшэщ Іэ**

***Европей банк пэхъыщхьэм Франкфурт щигъэтъэгъуащ еври 10-м и теплъэр зыхуэдэмур. Абы щІэрыщІэу елэжьауэ аращ, еври 5, 10 ахъшэ пэщІэкІэ куэд зэрыхъуам къыхэкІыну. Банкирхэм зэрыжаІэмкІэ, пасэрей урым Іуэрыіуатэм къыхэзгъэ Европэ. Зевс Финикие къыщидыгъуауэ щыта пщащэм, и теплъэр зытращІыхьа евриэм ещхь ихуэмыщІыным егугъуащ ІэщіагъэлІэр.**

● Ватикан

**Папэ Франциск саугъэтыр ещэ**

***Рим-католик диным и Іэтащхьэ Франциск ещэ «Харлей-Дэвидсон» мотощиклыр, ар кьыщІэзыгъэкІ американ фирмэм саугъэт къыхуащІауэ щытар.***

***Зэкіэ уасэу хунгъэувар евриэ мин 50-ц, ауэ аукционыр екІуэкІыхукІэ я бжыгъэр зэрыдэкІуеинум шэч хэлъкъым.***

***Папэ Франциск зэрыжаІамкІэ, мотощиклым къыщІихьну тригъэкІэщэнущ къулейсызхэр нэху къыщекІыф унэмрэ апхуэдизкІэ я шхапІэмрэ (Рим дэтхэр) зыхуей хунгъэзэным.***

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● ФІыщІэ зыхуэфащэхэр

## Абы и мафІэр ужьыныкъым

### Илъэс 90 и пэкІэ къыдэкІащ журнал Іув нэхъыжь дыдэм и япэ номерыр

***«Звезда»-м егъэпъапІэ и махуэр. Арщхьэкі зэхьыхьэшхуэхэр щыІэныкъым. «Знамя»-м и редактор нэхъыщхьэ Чупринин Сергей, Городницкий Александр, Кушнер Александр, «Звезда»-м и ныгъэщІ ныбжьыгъуэхэр Актёрхэм я унэу Петербург дэтым щызэхуэсыну къудейщ. «РГ»-м и лэжьакІуэхэр хуэзащ «Звезда» литературэ журналым и редактор нэхъыщхьэ, тхакІуэ, тхыдэдж Гордин Яков.***

**- «Звезда»-м и япэ номерыр 1924 гъэм и щІыщылэм кьыдэкІащ. Революцэм и пэкІэ Урысейм къыщыдэкІыу щытащ ныэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зиІэ журнал Іув куэд. «Звезда»-р СССР-м щыяпэ апхуэдэ журнадт. Сыту пІэрэ властым апхуэдэ журнал Петроград кьыщыдэкІыну хунт щІищІам и щхьэусыгъуэр?**

- Уегупсыс зэрыхъунымкІэ, уней мылъкуу щыт прессэр, уи гупсысэр хунту кьэпІуэтэныр, птхыныр щымыІэж зыщІа властым кьыгуфІыгъэнуц: сыт къэмыхъуами, литературэр кьызэтенащ. Пролетар литературэм и закъуэкъым, адрейхэри утыкум ипху хьунукъым, уи нэІэм щІэкІынущи. Аратти, унафэ кьащтащ литературэжьыгагъэу журналитІ кьыдагъэкІыну - «Звезда»-р - Петроград, «Октябрь»-р - Москва къыщыцІынэхущ. Иужьрейм къыдэкІыщ щыщІидзар «Звезда»-р дунейм кьытехьэу мазих дэкІа нэужьщ.

**- «Звезда»-р абгъуэ ящІат «ЗэдзэгъэгурыІуэхэм». Сытыт-ар пщэрыльть щІыхуащІар Петроград кьыщыдэкІ журналым?**

- Совет властым кьызэрилъытэмкІэ, зи Іуэху еплъыкІэр езым и уэхуэкІэм кьезэгъ тхакІуэхэм я нэхъыбэр а зэманым щыпсэуР Петроградт. 20 гъэхэм я зэхуэдитІым - 30 гъэхэм я пэщІэдзэм «Звезда»-рщ кьызытехуар Горький Максим, Тынянов Юрий, Каверин Вениамин, Ахматовэ Аннэ, Мандельштам Осип, Пастернак Борис, Заболоцкий Николай сымэ я Іэдакъэщ Іэкі эр. Япэ ильэсипщым Іуэхум зызэридзэкІащ. 30 гъэхэм я зэхуэдитІым щытыкІэр тКІий хуащ: хунэсахэр нэгъуэщІ къэралхэм Іэпхъуащ, зыгуэрэхри ягъэтІысащ, ящІащ. Ауэ, итІанэ, 1946 гъэр къэсыху журналым щІэупщІэшхуэ иІэу щытащ. Ар кьыдэкІащ блокадэ зэманми.

**- Партым и ЦК-м «Звезда», «Ленинград» журналхэм ятеухуауэ 1946 гъэм кьыдигъэкІа унафэ тКІий дыдэм и уажькІэ щытыкІэм зэуэ зихьыжащ...**

- Зихьэжащ, дауи. Властым зыхуеиР зригъэхъулІащ: журналыр теплъэнчын купщІэнчын хъуащ. Псоми щышынэрт. Абы кьыдэкІуэу яІэжтэкъым 20 гъэхэм журналым и напэкІуэцІхэр зыгъэбжьыфІэу щыта тхакІуэхэр. Арщхьэкі 50 гъэхэм якум щІидзэри, журналым зыкъыжьыжьащ. КІэщІу жьыпІэмэ, кьару ягъэутыжащ.

**- Совет лъэхъэнэр кьыщыунэхуми нужьыкІи властым тегъэщІапІэ ищІыр творческэ цІыхурт, Кьыжьэдикъуащэртэкъым, ауэ икІи нутІыщщІыртэкъым.**

- Совет властым литературэм егъэщІылІауэ иригъэкІэкІа политикэр кьызэрыгуфІыгъэкъым. Зы лъэныкъуэкІэ ар цензурэ тКІийм щІэтт. Езы цензорхэр щІэныгъэшэхэт, щынэкъэрабгъэхэт. Арщхьэкі кьухьэпІэ литературэр ди деж куэду щызэрадзэкІырт. Абы дыдейр зыхуэщыщІэр иригъэкъуж хуэдэт. Совет цІыхум и дежкІэ ар дунейр кьызэІузых щхьэгъубжэт. Хемингуэй и романхэм кьадэунэхуащ «американофил» ныбжьыщІэхэр. Ди цІыхухэр дунейм кьызэпІэ ещІ хуащ, Кьухьэпі эм и уэзщІакІуэхэм я Іэдакъэщ Іэкі эр яІэгъуа иужь. Властым кьилъытэрт абы ди къэралым дунейм щиІэ пщІэр кьыщиІэту.

**- Зэрыгъэтхъ ищІ, властыр литературэрэ тхакІуэхэмрэ ящхьэжгуу сыт щыгъуи щытащ. «Конармия» роман ягъэвууар зи Іэдакъэщ Іэкі Бабель ящІащ, Мандельштам Сыбырым ягъэкІуэри, абы щагъэхІащ. Ахуэдэ щапхъэхэр щэ бжьыгъэкІэ кьыпхуэхьынущ. Арщхьэкі нэгъуэщІ щапхъэхэри щыІэщ - ягу зэбгъа Ахматовэрэ Зощенкэрэ, псатъэм и хьэтыркІэ, «Звезда», «Ленинград» журналхэм ятеухуауэ ЦК-м кьыщта унафэм и уажькІэ ягъэтІысакъым.**

- Псорн зэпытыгар Сталиным и фІэфІыныгъэрт. Мандельштам игу ирихьэху, усакІуэр абы дыдэу псэуащ, нужьгъуати, кІэ иритащ. Мис аращ псорн зы цІыхум щелъытам и деж щІэшынагъэр. Уеблэмэ литературэм дежкІи. ЖытІэнщи, Сталиныр тхакІуэхэм зыкъомкІэ фІыуэ яхущытт. Языныкъуэхэм яхуэзэрт, ядэІэпыкъурт. Ар езыр куэд еджэрт. Абы фІэфІт зэчий зыбгъэдэть цІыхухэм эбгъэдэхыну. Апхуэдэуи иригушхуэрт хэт ийэтынчи ирнудыныкъуми хунтыр езыр зэрыарам. Дэтхэнэми и гъащІэр зэлъытар Сталиныр!

**- Совет Союзыр зэрыльэпъэжрэ «Звезда» журналыр кьыздэкІыным. Ауэ ф-р къэралым иджыри ахъшэ кьызвитрэ?**

- Дэ зыми и унафэ дыщІэткъым, зыми и джакІуэу дыщІыткъым. Арщхьэкі зи журналыр Іувм и пэ ящІыркъым хэхъуэ иІэу іэжьэнчым. Абы кьыхэкІыу мыхьэнэшхуэ иІэщ къэралыр льготэхэмкІэ, субсидиехэмкІэ, н.къ. кьызэрыдэІэпыкъым. Ауэ, ди хэхъуэм теухуауэ жьыпІэмэ, абы и хэкІыпІэр ди журналыр цІыху нэхъыбэм кьыщІатхыкІынырщ.

**КАПТОР Юлие.**
*«Российская газета»*

● «Адыгэ псалъэ» газетыр илъэс 90 ирокъу

# Зэманым и гъуджэ

«КЪЭБЭРДЕЙ ПЭЖ» газетым зауэ нэужь илъэсхэм кыдигъэкIа номерхэм (дэ зэкIэ зи гугъу тщIыр 1945 гъэрщ) Іупщу уи нэгу кьыщIагъэувэж а зэманым республикэм и мызакъуэу, къэрал псом и псэукIар, и Іуэхущафэу щытар. Сыт щыгъуи кьыкьуэкIыпт СССР абрагъэувэ и цIыхухэр жыджэру зыхэтын уей Іуэхухэр. Ящхьэкlэ кьыщежьэ унафэр ищIагъкIэ щыдапхъуатэрт. Псалъэм и хьэтыркIэ, щэкIуэгъуэм и 2-м кыдэкIа газетым дыкьышцоджэ «Хэхьныгъэхэм зыхуэгъэхьэзырыныкIэ щыпIэ Советхэм я кьалэнхэмрэ» тхыгъэм. РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Секретарь Бахмуров Пётр газетджэхэр щыгъуазэ ещI СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и етIуанэ зэхуэсыгъуэм хэхьнымкIэ хабзэм щыубзыхуахэм. Зэрыгурыуэгъуэщи, а хэхьныгъэхэр и чэзум ираГъэкIуэкI хьуакъым Хэку зауэшхуэм и зэранкIэ. Иджы абыхэм ятеухуа хабзэщIэ кьащтауэ (Бахмуровым зэрыжиIэмкIэ, цIыхухэм я хуитныныгъэхэм кудкIэ зригъэубгъуу), зыхуэкIуэ илъэсым мазаем и 10-м и тхьэмахуэ махуэм Іэ ираГъэIэтынущ. КьулыкъущIэм и тхыгъэм дыкьышцоджэ: «ОбществеННэ организацэмрэ гущIэгъупсэухэмрэ избирательнэ комиссэхэм хыхьэну кандидатхэр хуабжьу зэлэжьыхьу кьагъэлъэгъуэн хуеиIу. Избирательнэ комиссэхэм хыхьэнухэр кьэгъэлъэгъуэнигъэ Іуэхур бюрократизмэ хэлъу, цIыхубзхэр хэмыту ираГъэкIуэкIыну сыт хуэдэ хущIэкъуныгъэхэр кьиІэпыудын, абы икьукIэ ткIипуэ бгъэдэлъэн хуеиIу».

Апхуэдэу щхьэхуэу кьыщыхигъэщIэ, уегупсыс хьунущ а зэманым цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ я зэхуэдэныгъэр идкыдри тэмэму зэфIэмыувауэ. Ауэ лэжьыгъэм псори щIэзэхуэдэт.

Газетым пещэ сабий куэд къэзылъхуу зыпIа цIыхубзхэм «ЩIыхь зиIэ анэ» орденыр, «Анэм и медаль» медалыр етынымкIэ КъАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указым щыщ Іыхьэхэр тедзэныи. Иджы чэзур зылысыр Налшык районым щыщ бзылъхугъэхэрщ.

Ятэ напэкIуэцIым тетщ «Гъавэхэр тызымкIэ» илъэс планыр и пIалъэр къэмысу зыгъэзэщIа колхозхэр, совхозхэр, районхэр зратхэ «ЩIыхь тхьылъым» Бахьсэн районым щыIэ «Индустриализацэ» (кьуажэдэсхэм ящыщу хэтыт а зэманым абы кьыкIыр кьызыгурыIуэр?) колхозыр зэрыратхам теухуа хьыбар.

«Къэбэрдей пэжым» дыщетхъэгъуазэ гъавэрэ сэхуранрэ къэралым етынымкIэ республикэм и илъэс планыр щэкIуэгъуэм и 1-м гъэзэщIа зэрыхьуа щыкIэм.

Мыбыи гу лъымытэу кьанэркъым: а зэманым мэкъумэшхэкIэр, Іэщхэкlэр кьэралым иращэртэкьым, атIэ иратырт. Кьуажэдэсхэм ялыысхьэр трудодену хуашиик тIэкIурт. Жьгпэщи, ящэ щыхьуаеи, кьэралым ахьшэу кьыIэщIэкIыр машIэу сыт щыгъуи екIуэкIащ. Ар дэри дощIэж...

АдэкIэ тхыгъэхэр зытраухуар махуэ кьэс зыIууэ Іуэхухэрщ. Поплавский Н. тхыгъэшхэр тридзащ Налшык районым Молотовым и цIэр зэрихьэу щыIэ колхозым СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм хэхьным и пэ кьыхуэу щыхэфIагъэкIыну я мурадкIэ кьыщыгъэльэгъуауэ. Урожайнэ районым Кировым и цIэр зезыхьэ и колхозым бжьыхьэсэ лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIым дыщетхъэгъуазэ Дударым.

Газетым и етIуанэ напэкIуэцIым увыпIэшхуэ щаубыд дунейм щыхьыбархэм. Франджым жэпуэгъуэм и 21-м щекIуэкIа хэхьныгъэхэм кьрикIуэхэм теухуа тхыгъэ иныр нэхъыбэу зытегъэщIар а кьэралым и компартым кьихьа екъулэныгъэшхэрщ: абы хуэфIэкIащ и депутат бжьыгъэм хуэдиткIэ хигъэхъуэн. Фашист Италием нэгъуэщI кьэралхэм ярита хэщIыныгъэхэр ипшыныжьну зэрыхуагъэувам теухуаг нэгъуэщI тхыгъэр.

ШАЛ Мухьэмэд.

● Щапхъэ

Кьумыкьу Лианэ КъБКъУ-м и экономикэ кьудамэм и 4-нэ курсым щоджэ, университетым и студент пажхэм ящыщ. Лианэ щIэныгъэм зэрыдихьэхьым и щIыхьэтщ абы и лъэныкъуэкIэ зыIэригъэхьа екъулэныгъэхэр: «Перспектива» студент щIэныгъэ зэхьэхьэм мыхьэ-мытIэу и лэжьыгъэхэр кьыщигъэльэгъещ, Ставрополь кьалэм иджыблагъэ щекIуэкIа щIалэгъуалэ щэныгъэ конференцым жьыджэру хэтащ, бухучётныкIэ екIуэкIа урысейпсо олимпиадэм щытекIуащ.

Еджэныгъэм кьыдэкIуэу, илъэс зыбжанэ хьуауэ КъБКъУ-м и «Амикс» гупыр зыгъэбжьыфIэхэм ящыщщ Лианэ.

*Сурэтыр* КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

● Пшыхьэр

Беппаев МутIалип, Рахаев Анатолэ, Эфендиев Сэлихь. *Сурэтыр* Жангуразовэ Нэжбат *трихащ.*

# Дуней псор зэрыгушхуэ цIыху

## Къыргъыз тхакIуэ телъыджэ Айтматов Чингиз

**ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым дунейпсо щIэныгъэ конференц щекIуэкIащ. «Тхыдэ фэеплъ» епщыкIутхуанэ Іуащхьэмахуэ едджныгъэхэм хьыхьэу. Зэхьыхьэр тетхуауэ щытащ къыргъыз тхакIуэ цIырыIуэ Айтматов Чингиз къызэралъхуэр илъэс 85-рэ зэрырикъум.**

ІУЭХУР къыз эригъэпэщащ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ институтым УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэр и дэІэпыкъуэгъэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Рахаев Анатолэ.**

Философие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Эфендиев Сэлихь** зэхьыхьэм кьрихьэлIаэм ягу кьигъэкIыжащ дунейпсо литературэм хэлъхьэныгъэшхэр хузыщIа Айтматовым и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ.

Сэлихь кьытеувыIащ тхакIуэм и тхыгъэхэм кьыщигъэщIа образхэр и Іэпкьлъэгъу къыргъызхэм къаззрытрищIыкIам, Совет Союзми нэгъуэщI щIыпIэхэми щызэIэпах тхыгъэхэм, тхыдэ фэеплъхэм ныхьэнэ ин зэраІэр къызэрыщIыгъэтэгъуам. Эфендиевым жиIащ и ныбжьыр илъэс 33-рэ фIэкI мыхьуу тхакIуэм Ленин сауГъэтыр зэрыхуагъэфэщар, абы и тхылъхэр къаралИ 128-м бзэ зэхуэмыдэхэмкIэ къызэрыщыдагъэкIар, ЮНЕСКО-м къызэрихутамкIэ, тхылъеджэхэр нэхъ зыщIэупщIэ, пщIэ зыхуащI тхакIуэхэм ар зэращыщыр, тхакIуэм и фэеплъыр хьуна хъуным ехьэлIауэ Къыргъызым лэжьыгъэ ин зэрыщрагъэжькIэпIэр, 2013 гъэр Айтматовым и гъэ а республикэм зэрыщыщытар, «Исповедь на исходе» и тхылъыр Къэзахъстаным къыщыдагъэкIыну зэрагъэхъэзырар, Чолпан-Ате кьаІэ абы и фэеплъ къызэрыщыщэIуахар, и уэрамхэм ящыщ зым тхакIуэм и цIэр зэрыфIащар.

«Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэм и Іэдакъэ **Беппаев МутIалип** тепсэлъыхьащ Айтматов Чингиз лъагъуныгъэм триууэ «Джамиля» повестым, Литературэм тым щыщIэса зэманым езыр Айтматовым хуэзауэ, епсэлъауэ зэрыщытам.

Филологие щIэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Джангуразовэ Елизаветэ** и псалъэр Айтматовым и повесткэм триухуащ. Абы жиIащ тхыгъэхэм гъащIэм и пэжыр, лъэпкъым и блэкIар къызэрыщыгъэлъэгъуар, хьэл-щэн дахэхэр зыдэплъагъу лыхъужьхэр къызэригъэщIар.

КъБКъУ-м и профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор **Мусукаев Борис** и гугъу ищIащ илъэсибл и ныбжьу езыр кьыщыхутауэ щыта Къыргъызым щыIа къэралИ 128-м бзэ зэхуэмыдэхэмкIэ къызэрыщыдагъэкIар, ЮНЕСКО-м и къызэрихутамкIэ, тхылъеджэхэр нэхъ зыщIэупщIэ, пщIэ зыхуащI тхакIуэхэм ар зэращыщыр, тхакIуэм и фэеплъыр хьуна хъуным ехьэлIауэ Къыргъызым лэжьыгъэ ин зэрыщрагъэжькIэпIэр, 2013 гъэр Айтматовым и гъэ а республикэм зэрыщыщытар, «Исповедь на исходе» и тхылъыр Къэзахъстаным къыщыдагъэкIыну зэрагъэхъэзырар, Чолпан-Ате кьаІэ абы и фэеплъ къызэрыщыщэIуахар, и уэрамхэм ящыщ зым тхакIуэм и цIэр зэрыфIащар.

«Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэм и Іэдакъэ **Беппаев МутIалип** тепсэлъыхьащ Айтматов Чингиз лъагъуныгъэм три